



Transpò pou Entèkansyon pou Timoun Piti (EI oswa “Early Intervention” ann anglè)

Si w bezwen sèvis transpò pou pitit ou pou l ka pwofite sèvis EI yo, Depatman Sante Piblik la (DPH ann anglè) ka ede w.

FASON POU W FÈ DEMANN TRANSPÒ:

Fè yon reyinyon pou Plan Sèvis Fanmi Pèsonèl (IFSP) pou ajoute sèvis transpò nan IFSP ou a. Ou menm ak Kowòdonatè Sèvis la pral ranpli yon fòmilè Demann Transpò. Yo voye enfòmasyon ki nan fòmilè a (non w, non pitit ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, ak moun ki gen dwa resevwa pitit ou lè l ap desann bis la) bay konpayi transpò a, Otorite Transpò Rejyonal la, ak biwo Transpò Sèvis Imen an pou yo ka fasilite sèvis transpò pou pitit ou epi peye pou sèvis sa la. Depi w fin bay pèmasyon w pou sèvis sa a, y ap kòmanse ba w sèvis transpò nan yon espas 30 jou.

SEKIRITE AK KONTWÒL:

DPH la ak Biwo Transpò Sèvis Imen an (HST ann anglè) gen kritè pou konpayi transpò yo, pwogram EI yo, ak paran yo ranpli pou asire sekirite timoun yo e pou asire yo kenbe enfòmasyon w bay yo konfidansyèl.

RESPONSABLITE PARAN YO GENYEN:

Men sa paran an dwe fè:

- Ou dwe bay yon chèz/kousen ki fèt pou timoun chita nan machin ki suiv règ sekirite federal yo e ki bon pou wotè ak pwa pitit ou.
- Fòk yon paran oubyen lòt moun responsab akonpaye nenpòt timoun ki gen mwens pase 18 mwa.
- Ou dwe bay yon lis ki gen nenpòt moun ki gen dwa resevwa pitit ou lè l desann bis konpayi transpò a. Moun sa yo dwe gen yon pyès idantite ki tou gen foto yo pou konfime kiyès yo ye. Konpayi transpò a PAP pèmèt yon moun ki pa nan lis la resevwa pitit ou lè l desann bis la.
- Ou dwe fè pitit ou asiste sèvis li yo regilyèman.
- Ou dwe pare lè l a rive pou bis la vin chèche pitit ou epi w dwe lakay ou lè l a rive pou bis la vin depoze l.
- Ou dwe rele konpayi transpò a ak pwogram EI a omwen inèdtan davans si pitit ou pap prezan pou jou a.
- Ou dwe enfòme pwogram EI a konsènan nenpòt pwoblèm ki gen nan kesyon transpò a.

YO GEN DWA METE FEN NAN SÈVIS TRANSPÒ A SI:

- Ou menm oubyen yon moun ou otorize pou resevwa pitit ou pa lakay la lè yo vin depoze pitit ou.
- Yo te vin chèche pitit ou epi l pa t prezan 3 fwa nan yon sèl mwa, san w pa t rele konpayi transpò a omwen inèdtan anvan yo te dwe vin chèche l la.
- Ou pa itilize sèvis transpò pandan 2 mwa youn apre lòt.

PWOGRAM ENTÈKANSYON POU TIMOUN PITI MWEN AN:

KONPAYI TRANSPÒ MWEN AN: